DEPATMAN DETA NYS - DIVIZYON SÈVIS LISANS

PRATIK ESPESYALITE ZONG
ENFÒMASYON SOU EGZAMEN

Depatman Deta Eta Nouyòk, Divizyon Sèvis Lisans, One Commerce Plaza, PO Box 22001, Albany, NY 12201-2001

***** MEN MANNKEN OBLIGATWA – PA MENNEN MOUN KÒM MODÈL *****

Planifikasyon Egzamen Pratik

Yo dwe pwograme egzamen pratik yo sou entènèt. Apre yo fin apwouve aplikasyon w lan, y ap voye yon imèl nan adrès imèl ou te bay sou aplikasyon w lan. Imèl la ap gen yon lyen kote ou ka pwograme egzamen w lan.

Ou dwe peye yon frè $15 ki pa ranbousab lè w ap pwograme egzamen w lan. Si w bezwen repwograme egzamen w lan, ou dwe fè sa omwen sis jou anvan egzamen w genyen ki pwograme a. **Si ou ta anile randevou w la, si ou rive an reta nan egzamen w lan, oswa si ou pa prezante pou yon egzamen, ou p ap peye frè egzamen an.**

Remak: Si ou te soumèt dokiman ki apwopriye yo pou mande aranjman espesyal pou egzamen, yon reprezantan Divizyon Sèvis Lisans lan ap kontakte w avèk orè egzamen w lan. Ou pa ka pwograme egzamen ki mande aranjman espesyal pou egzamen yo atravè sistèm sou entènèt la.

Admisyon nan Egzamen Pratik la

Pou admisyon nan egzamen sa a, ou DWE pote yon fòm idantifikasyon siyati ki soti nan gouvènman an ki dwe gen foto ladan l. Idantifikasyon w **dwe ajou** epi li dwe soti nan lis sa a:

- Lisans chofè
- Idantifikasyon ki soti nan Leta a (pa egzanp, Pyès idantite ki pa pou chofè
- IDNYC Kat (Kat Idantifikasyon NYC)
- Idantite Militè
- Paspò Etazini
- Kat Otorizasyon Travay (ki soti nan Sèvis Sitwayènnte ak Imigrasyon Etazini)
- ID ki soti nan INS Etazini
- Sètifika Sitwayènnte Ameriken
- Paspò Etranje
- ID Konsilè Brezilyen, Meksiken, Ondiryen, ak Ekwatè
- Kat Idantifikasyon Votè Meksiken

ID ou dwe koresponn ak premye ak dènye non ou te itilize pou pwograme egzamen an. Si non ou gen tirè, tanpri asire ou mete non konplè w. Si non w pa koresponn egzakteman ak pyès idantite w la, nou rezève dwa pou nou refize w aksè nan egzamen an.

Prepare pou Pratik Ou a

Ou ta dwe rive pou egzamen w lan ak rad ki apwopriye pou bay sèvis espesyalize nan zong. Nou atann pou w suiv enstriksyon ki annapre yo:

1) Fòk ou mete yon rad pwòp ki ka lave (yon chemiz oswa yon gwo rad) (remak: pa mete tabliye); ou dwe rale

cheve w dèyè epi mare l si l long ase pou deranje ak pwosedi yo.
2) Senk zong yo dwe natirèl, san kitèks/ekstansyon
3) Soulye fèmen ki kouvri tèt pye a.
4) Ou pa gen dwa moulen chiklèt, itilize telefòn selilè, oswa lòt aparèy teknolojik.
5) Lave men w ak savon ak dlo anvan w rive; ou dwe itilize yon dezenfektan pou men ki gen 60% alkòl oswa plis pandan tout egzamen an.
6) Ou pa gen dwa pote revolvè nan sant egzamen an. Tanpri kontakte biwo egzamen nou an nan (518) 473-2731 pou kesyon konsènan
nan règleman sa a.

Remak: Itilizasyon gan w ap jete apre w fin sèvi avè l pa obligatwa.

Ou dwe pote mannken men nan egzamen an ki reponn ak egzijans yo jan sa mansyone nan lis materyèl yo. Si ou pa fè sa, y ap diskalifye w. Nou rekòmande pou w itilize yon mannken ki fèt ak plastik fleksib e ki mou (nou p ap itilize yon klanps pou tab). Anplis de sa, dwèt mannken men w yo ta dwe kapab gen fo pwent aplike ou ka mete sou pwent dwèt la avèk oswa san kòl. Ou dwe aplike twa pwent zong sou men mannken an anvan egzamen an; sou kote pwent zong lan pa dwe depase 1/8 pous longè. Yo p ap otorize okenn mannken vivan.

Ou dwe pote pwòp founiti ak zouti egzamen w yo tou, jan sa endike nan lis founiti a. Si ou pa bay okenn nan founiti ak zouti ki nesesè yo, sa ka anpeche w fè kèk nan pwosedi egzamen yo. **Remak: Yo p ap otorize pataje founiti ant kandida yo.**

*****Tanpri pote pwòp plim ou pou siyen nan egzamen an*****

Pwosedi sou Planifikasyon Egzamen Pratik

Egzamen pratik espesyalite zong lan gen ladan l yon seri travay ou dwe fè nan yon delè tan ki fikse pou chak pwosedi. W ap gen pou demontre pwosedi sa yo nan tan ki espesifye a:

- **Preparasyon Espas Travay la** *(10 minit)*
- **Maniki debaz ak preparasyon pou lòt pwosedi** *(15 minit)*
- **Aplikasyon ak Fòm Pwent** *(15 minit)*
- **Aplikasyon papye** *(20 minit)*
- **Aplikasyon Akrilik** *(30 minit)*
- **Aplikasyon ak Netwayaj Kitèks** *(15 minit)*

Remak: Yo p ap mande w pou w demontre yon pwosedi ekspozisyon ak san. Si w ta blese tèt ou pandan egzamen an, ou dwe suiv pwosedi ki apwopriye pou ekspozisyon ak san.

Enfòmasyon sou pwosedi egzamen an ak travay yo disponib sou sit entènèt nou an sou www.dos.ny.gov. Ou p ap gen dwa itilize dokiman sa yo pandan egzamen w lan. Pratik espesyalite zong lan ap pran apeprè 1 3/4 èdtan pou fini.

Pwosedi sekirite ak kontwòl enfeksyon yo dwe respekte pandan tout egzamen an. Tanpri abitye ak lòt pratik sekirite ak kontwòl enfeksyon ki obligatwa kounye a nan egzamen pratik yo.

Enfòmasyon Kontak

Ou ka kontakte Inite Egzamen Pratik Depatman Deta a nan voye yon imèl nan exams@dos.ny.gov. Pou enfòmasyon jeneral, ou ka kontakte Divizyon Sèvis Lisans nan 518-474-4429. Tanpri vizite sit entènèt nou an nan https://dos.ny.gov/ pou plis enfòmasyon sou lisans

Anilasyon Egzamen

Yo ka anile egzamen yo akòz move tan oswa lòt ijans.

Ou ka tcheke sitwèb Divizyon Sèvis Lisans lan (https://dos.ny.gov/licensing-services), Depatman Deta a (https://www.facebook.com/NewYorkDepartmentOfState/) ak kont Twitter (@NYSDOS) oubyen rele 518-474-4429 pou verifye si gen egzamen ki anile.

Rezilta Egzamen yo

Y ap avize w pa imèl yon fwa rezilta egzamen yo disponib pou w gade. Ou dwe konekte sou kont sou entènèt ou a pou w wè rezilta w yo anba seksyon Egzamen an. Kandida ki reyisi egzamen pratik la ap resevwa yon Lisans Espesyalite Zong Eta Nouyòk pa lapòs. Si w pa pase nan egzamen an, ou ka konekte sou kont ou sou entènèt epi pwograme yon lòt egzamen. Yo p ap bay rezilta yo ni nan egzamen an ni nan telefòn. Ou pa ka fè apèl kont rezilta egzamen ou yo.

Rezilta egzamen yo rapòte swa kòm reyisi oswa echwe; ou p ap resevwa yon nòt nimerik Rezilta egzamen reyisi yo valab sèlman pou yon peryòd senkan. Rezilta egzamen yo ap disponib nan kont ou sou entènèt. Konekte sou kont sou entènèt ou a sou https://my.ny.gov/. Si w pa pase nan egzamen an, ou ka pwograme yon lòt egzamen lè w itilize kont ou sou entènèt.

Mande yon Analiz

Si ou echwe egzamen w lan, ou ka mande yon analiz sou egzamen pratik ou a lè w voye yon imèl nan exams@dos.ny.gov. Yon analiz se yon rapò oswa yon detay sou nòt egzamen pratik ou yo pou ede w idantifye fòs ak feblès ou yo. Ou dwe mande yon analiz nan 60 jou apre dat egzamen w lan. Nou p ap bay analiz pou moun ki te gen yon nòt reyisi nan egzamen pratik la.